ЩІэблэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным, тэмэму гъэсэным, физкультурэм, спортым дегъэхьэхыным теухуауи Іуэхугъуэфіхэр ялэжь. Къуажэм мы зэманым дэтым нэмыщІ, щІыкІу 280-рэ щаІыгъын сабий сад яухуэ. Абы сом мин 870-рэ хухахащ. 1991—1992 гъэ еджэгъуэм прихъэлІу илъэсий школым и унэм врагъэубгъунущ, ар курыт школ ящІынущ. 1991 гъэм щІадзэнущ къуажэм хьэмэм дэщІыкъэнми.

ЩІалэгъуалэр хуабжьу щогуфІыкІ мы мазэм и пэ-

командэм зэреджэр «Джэримэсщ», балигъхэм нэмыщІ, ныбжьыщІэ команди и гъусэнущ.

ЦІыхухэм я зэхэщІыкІым зегъэубгъуным, культурэ лъагэ егъэгъуэтыным, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным хуэунэтІауи ялэжьыр мащІэкъым. Къуажэм Культурэмкіэ унэшхуэ дэщІ, абы тхылъхъумапІэ, еджапІэ хэтщ, кружок зыбжанэ щолажьэ. Къэбгъэлъэгъуэну ирикъунщ абы къафэмкІэ и сабий ансамблым и зэфІэкІыр. Гъэкіуам республикэм щекІуэкІа зэхъэзэхуэм хэтащ, увыпІэ нэхъыфІэм ящыщ зыщыхуагъэфэщащ. Ныбжьыщіэхэм совхозым щекІуэкІ зэІущІэхэм, къуажэ зэхьэхэхэм я пащхьэм зыкъыщагъэлъагъуэ, Іэщыхъуэхэр гъэмахуэ хъупІэхэм щыщыІэ зэманым абыхэм я деж макІуэ. Аҳэр егъасэ «Кабардинка» ансамблым хэта, къафэкІэм хуэІазэ Хъущт Юрий.

Тхылъ еджэхэм я конференц, тхакІуэхэм, къуажэм къыдэкІа цІыху пэрытхэм щаІущІэ, зэныбжьэгъугъэм теухуа пщыхьэщхьэхэр щІэх-щІэхыурэ прагъэкІуэкІ. Кыщокъуэ Алим илъэс 70 щрикъур ягъэлъэпІащ, къуажэдэсхэр тхакІуэхэу Елгъэр Кашиф, Мэзыхьэ Борис, Кіэрэф Мухьэмэд, нэгъуэщІхэми мызэ-мытІэу яІущІащ. Апхуэдэу зэІущІэхэр драгъэкІуэкІ лэжьыгъэм, партым, зауэм я ветеранхэм.

Куэд щІакъым щхьэлыкъуэдэсхэм концерт зытыну гупхэр я гъусэу Яныкъуей къуажэм зэрыщыІэрэ. Езым я къуажэгъу Жэрэщты Аслъэнбий ищІа «Кировымрэ Орджоникидзэрэ — Кавказым» сурэт дахэр я гъунэгъухэм саугъэт хуащІащ я кум дэлъ зэныбжьэгъугъэм и нэщэнэу. Иджы Яныкъуейм къикІыну хьэщІэхэр къызэрырагъэблэгъэнум щхьэ-

командэм зэреджэр «Джэримэсщ», балигъхэм нэмыщІ, ныбжьыщіэ команди и гъусэнущ.

ЦІыхухэм я зэхэщІыкІым зегъэубгъуным, культурэ лъагэ егъэгъуэтыным, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным хуэунэтІауи ялэжьыр мащІэкъым. Къуажэм Культурэмкіэ унэшхуэ дэщІ, абы тхылъхъумапІэ, еджапІэ хэтщ, кружок зыбжанэ щолажьэ. Къэбгъэлъэгъуэну ирикъунщ абы къафэмкІэ и сабий ансамблым и зэфІэкІыр. Гъэкіуам республикэм щекІуэкІа зэхъэзэхуэм хэтащ, увыпІэ нэхъыфІэм ящыщ зыщыхуагъэфэщащ. Ныбжьыщіэхэм совхозым щекІуэкІ зэІущІэхэм, къуажэ зэхьэхэхэм я пащхьэм зыкъыщагъэлъагъуэ, Іэщыхъуэхэр гъэмахуэ хъупІэхэм щыщыІэ зэманым абыхэм я деж макІуэ. Аҳэр егъасэ «Кабардинка» ансамблым хэта, къафэкІэм хуэІазэ Хъущт Юрий.

Тхылъ еджэхэм я конференц, тхакІуэхэм, къуажэм къыдэкІа цІыху пэрытхэм щаІущІэ, зэныбжьэгъугъэм теухуа пщыхьэщхьэхэр щІэх-щІэхыурэ прагъэкІуэкІ. Кыщокъуэ Алим илъэс 70 щрикъур ягъэлъэпІащ, къуажэдэсхэр тхакІуэхэу Елгъэр Кашиф, Мэзыхьэ Борис, Кіэрэф Мухьэмэд, нэгъуэщІхэми мызэ-мытІэу яІущІащ. Апхуэдэу зэІущІэхэр драгъэкІуэкІ лэжьыгъэм, партым, зауэм я ветеранхэм.

Куэд щІакъым щхьэлыкъуэдэсхэм концерт зытыну гупхэр я гъусэу Яныкъуей къуажэм зэрыщыІэрэ. Езым я къуажэгъу Жэрэщты Аслъэнбий ищІа «Кировымрэ Орджоникидзэрэ — Кавказым» сурэт дахэр я гъунэгъухэм саугъэт хуащІащ я кум дэлъ зэныбжьэгъугъэм и нэщэнэу. Иджы Яныкъуейм къикІыну хьэщІэхэр къызэрырагъэблэгъэнум щхьэ-

— Дэ ди Іуэхухэр нэхъыфІ хъунущ, — жиІэщ совхозым и директор Бесланей Чэмал, — ди мурадхэм ди Іэр лъэІэса, зэхэдубла псори зэдгъэхъулІа нужь. Ахэр гъэзэщІэным зэпымыууэ ди нэІэ тедгъэтынущ.

Мы зэманым Іуэхухэр зэрекІуэкІым, лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэща щІыкІэм уи фІэщ ящІ Щхьэлыкъуэм и нэр зыдэплъэм и лъэр зэрынигъэсыфынур.

БЕКЪАН Чыланий.

Абы къыдэкІуау НАСА программэм ахъщэу хуаутІыпщыр долларэ мелард 6-кІэ нэхъыбэ ящІыныщ. Къухьэпіэ Европэмрэ Центральнэ Америкэмрэ щыщ къэралхэм дяпэкІэ яэхъыфІу ядэІэпыкъунущ. Иджыпсту федеральнэ бюджетыр долларэ мелард Іэджэ хущІэ.

10-м ит Энтони Кайтиш къахуегъэлакъым.

ТОКИО. Зи лъыр лъыпхуэхэм тэмэму щызэмыкІуэ цІыхухэр гугъу йоуь. Ар нэхъыбэу къызыщыщІыр пшэр хъухэрщ. Иджыблагъэ Японием и еджагъэшхуэхэм къызэралъытамкІэ, апхуэдэ уз къыщІэжьэ щхьэусыгъуэхэм ящыщщ Іэуэлъауэри.

БОНН. ФРГ-мрэ ГДР-мрэ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ я министрхэу В. Шойбле, П.- М. Дистель сымэ мыбы щызэхуэзащ. Ахэр германскэ къэралитІым хабзэр щызыхъумэ органхэр нэхъыфІу зэрызэдэлэжьэным пыщІа Іуэхухэм тепсэлъыхьащ. Зэ-Іущіа нэужь журналистхэм щхьэкІэ ирагъэкІуэкІа пресс-конференцым министритІым апхуэдэу щыжаІащ. Абыхэм дяпэкІэ псом хуэмдэу гулъытэ хуащІынущ наркотикхэм ярисондэджэрхэм, залымыгъэ зезыхьэхэм бэнэныгъэ ёщІэкІынымк.

ЛОНДОН. Великобританием и правительствэм 1988 гъэм хъыбар кънтауэ щытащ къэралым ис къулейсыхэм я псэукІэр 1981—1985 гъэхэм проценти 8,3-кІэ , къалэтауэ. Арщхьэкіэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ министр Энтони Пьютон иджы дыдэ жиІащ япэм къата хъыбарыр зэрыпщІыр, нъулейсыхэм я псэукІэр а зэманым проценти 2,6-рэ фІэкІа къызэрамыІэтар.

(ТАСС, апрелым и 19-м).

Иджыблагъэ Японием и еджагъэшхуэхэм къызэралъытамкІэ, апхуэдэ уз къыщІэжьэ щхьэусыгъуэхэм ящыщщ Іэуэлъауэри.

БОНН. ФРГ-мрэ ГДР-мрэ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ я министрхэу В. Шойбле, П.- М. Дистель сымэ мыбы щызэхуэзащ. Ахэр германскэ къэралитІым хабзэр щызыхъумэ органхэр нэхъыфІу зэрызэдэлэжьэным пыщІа Іуэхухэм тепсэлъыхьащ. Зэ-Іущіа нэужь журналистхэм щхьэкІэ ирагъэкІуэкІа пресс-конференцым министритІым апхуэдэу щыжаІащ. Абыхэм дяпэкІэ псом хуэмдэу гулъытэ хуащІынущ наркотикхэм ярисондэджэрхэм, залымыгъэ зезыхьэхэм бэнэныгъэ ёщІэкІынымк.

ЛОНДОН. Великобританием и правительствэм 1988 гъэм хъыбар кънтауэ щытащ къэралым ис къулейсыхэм я псэукІэр 1981—1985 гъэхэм проценти 8,3-кІэ , къалэтауэ. Арщхьэкіэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ министр Энтони Пьютон иджы дыдэ жиІащ япэм къата хъыбарыр зэрыпщІыр, нъулейсыхэм я псэукІэр а зэманым проценти 2,6-рэ фІэкІа къызэрамыІэтар.

(ТАСС, апрелым и 19-м).

КІЭЩІУ

УЛАН-БАТОР. Иджыпсту Монголием щІыху мелуани 2-м щІигъу щопсэу, абыхэм ящыщу мин 540-р къалащхьэм дэсщ. Анхуэдэ хъыбар тетщ МНР-м я Министрхэм я Советым и «Элийн засгийн асудал» политическэ, экономическэ журналым. Абы къызэригъэлъагъуэмкІэ, къэралым щІыхуу иным и ныкъуэр обществэм и сэбэп зыхэлъ лэжьыгъэм пыщІащ. МНР-м щыпсэухэм я процент 70-р илъэс 30-м щІигъуакъым.

БРАЗИЛИА. Зиад Юссуф Фазах илъэс 36-м ит араш. Ар Ливаным щалъхуа бразилещ. Иджыпсту ар бзэ 54-кІэ щыхуэрщ. 70-нэ гъэхэм я пащІэдзам ар Ливаным къикІри Рио-де-Жанейрэ Іапхуэщ. Илъэс 12-м ит абы нэгъуэщІ къэралыбзэхэр тыншу зэрызригъащІэм гу лъатащ. А щІалэм португалыбзэ тхьэмахущым зригъэщІащ.

ЛУСАКЭ. Замбием щыщ Мазабукэ къалэм и гъунэгъу щІыпІэхэм къамылфо куэд щащІэ. Иджыблагъэ школым къикІри щІалэ цІыкІу гупым хьэсэм щхьэщыт бжьэхэм гу лъатащ. Сабийхэр абыхэм мывэкІэ еуэу хуежьащ. Модрейхэм цІыкІухэм зэращІэу эрадзри, щы замыщІэжу укІуриящ. Ахэр псынщІэу сымаджэщым нагъэса щхьэкІэ, илъэси

КІЭЩІУ

УЛАН-БАТОР. Иджыпсту Монголием щІыху мелуани 2-м щІигъу щопсэу, абыхэм ящыщу мин 540-р къалащхьэм дэсщ. Анхуэдэ хъыбар тетщ МНР-м я Министрхэм я Советым и «Элийн засгийн асудал» политическэ, экономическэ журналым. Абы къызэригъэлъагъуэмкІэ, къэралым щІыхуу иным и ныкъуэр обществэм и сэбэп зыхэлъ лэжьыгъэм пыщІащ. МНР-м щыпсэухэм я процент 70-р илъэс 30-м щІигъуакъым.

БРАЗИЛИА. Зиад Юссуф Фазах илъэс 36-м ит араш. Ар Ливаным щалъхуа бразилещ. Иджыпсту ар бзэ 54-кІэ щыхуэрщ. 70-нэ гъэхэм я пащІэдзам ар Ливаным къикІри Рио-де-Жанейрэ Іапхуэщ. Илъэс 12-м ит абы нэгъуэщІ къэралыбзэхэр тыншу зэрызригъащІэм гу лъатащ. А щІалэм португалыбзэ тхьэмахущым зригъэщІащ.

ЛУСАКЭ. Замбием щыщ Мазабукэ къалэм и гъунэгъу щІыпІэхэм къамылфо куэд щащІэ. Иджыблагъэ школым къикІри щІалэ цІыкІу гупым хьэсэм щхьэщыт бжьэхэм гу лъатащ. Сабийхэр абыхэм мывэкІэ еуэу хуежьащ. Модрейхэм цІыкІухэм зэращІэу эрадзри, щы замыщІэжу укІуриящ. Ахэр псынщІэу сымаджэщым нагъэса щхьэкІэ, илъэси

КБГУ-м народнэ хозяйствэм папщІэ ІэщІагъэлІ зэмылІэужьыгъуэ куэд къыщІегъэкІ.

СУРЭТЫМ: инженер-программист ІэщІагъэм хуеджэхэу Тау Мариет, Доткъул ФатІимэ, Къэздэхъу Заремэ сымэщ.

Зэхъуэкіыныгъэхэр куэдщ

«Болгариэм и экономическэ программэр зыубзыхур Москварэ Нью-Йоркрэ кІикІа цІыхухэрщ», — мэгушыІэ Софие дэсхэр. Абыхэм зи гугъу ящІхэр Москва щыдсэу политическэ эмигрантым и унагъуэм щалъхуа, БКП-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым хэт, НРБ-м и Министрхэм я Советым и Председатель Андрей Лукановымрэ зи адэр зы зэман щылэжьа Нью-Йорк щалъхуа, БКП-м и Совет нэхъыщхьэм и Председателым экономикэм пыщІа Іуэхухэмкіэ и заместитель Георгий Пиринскэмрэщ.

Лукановым и правительствэр коммунист фІэкІа хэмыту мы гъэм февралым уващ. Абы къэралым зэхъуэкІыныгъэ щегъэкІуэкІыным теухуа къалэн хьэлъэ и пшэ дилъхьэжащ. Болгарскэ щІы цІыхубэ союзымрэ Демократическэ къарухэмрэ я союзымрэ правительствэм хыхьэн ядакъым. Иджы тыкуэнхэр зыхуэныкъуэхэмкІэ зэгъэпэщыным, псэупІэ унэхэр нэхъыбэу щІыным коммунистхэр зэрелэжьым ахэр кІэлъоплъ.

— БНР-м и Министрхэм я Советым и Председателу уувыну акъылэгъу ущыхъум, къалэн ин зэфІэбгъэкІын зэрыхуейм фІыуэ уегупсысауэ къыщІэкІынщ.

— Къэралым, цІыхубэм, ди партым фІы къайхъулІэн щхьэкІэ си къыру себлэжьнукъым. Си мурад нэхъыщхьэу сыт щыгъуи щытар зы жыпхъэм тетыным теухуауэ щыІа хабзэм кІэ етынырти, а Іуэхум хэтахэм сащыщ зыщ. Нобэ сэ нэхъ къыщыхуей Іэнатіэм сыщылэжьэну сыхьэзырщ.

— Болгариэм политическэ, социально-экономическэ зэхъуэкІыныгъэхэр тэмэму щекІуэкІыу къэплъытэрэ?

— Зэхъуэкіыныгъэхэм зэрыщІэддзэрэ мазэ бжыгъэ дэкІауэ араш. Ахэр икъукІэ инщ. Абыхэмкіэ Болгариер Европэм и КъуэкІыпІэм ис къэралхэм къакІэрыхуу зэрыжаІэмкІэ сыкъуляргъуукъым. Ди къэралым парт куэд щыІащ. демократием зыщеужь, зэман благъэм хэхыныгъэ едгъэкІуэкІыну унафэ къэтщтащ. социально-экономическэ реформэхэм я программэхэр догъэхьэзыр.

КІэщІу жыпІэмэ, дэ зэпымыууэ жэрдэм къызэрытІэтыным яужь дитщ. Ауэ къытпеуэхэми абыкІэ дагъуэ яхуэпщІынкъым. Ахэр япэ ищыну хэтщ, къытпоплъхьэ, къыдоныкъуэкъу. Дэри ахэр мамыру, зыри жамыІэу къыддэпсэуну ди гугъэкъым.

— Фи къэралыр Варшавскэ Договорымрэ СЭВ-мрэ хохьэ. А организацэхэм я Іуэхур дяпэкІэ дауэ хъуну къэплъытэра?

— Сэ СЭВ-р хэкІуэдэжыну жызыІэхэм сащыщкъым. Абы ди къэралхэр уейщ, сыту жыпІэмэ экономическэ зэпыщІэныгъэшхуэ ди зэхуаку дэлъщи. А зэпыщІэныгъэр зэпыудмэ, СЭВ-м хэт дэтхэнэми зэраныгъэшхуэ игъуэтынущ.

Абы къыхэкІыуи сэ СЭВ-р къэгъэнэным сительхъэщ. Ауэ абы хэтхэр зэрызэдэлажьэ щІыкІэм зэхъуэкІыныгъэшхуэ игъуэтын хуейщ. Дэ дунейпсо экономикэр зытет хабзэхэр къэдмыгъэсэбэпу хъунукъым. Абы щыгъуэщ СЭВ-м хуэфащэ увыпІэ дунейпсо хозяйствэм щыщиубыдынур.

Европэр зэпІэзэрыту, мамыру псэуи щхьэкІэ Варшавскэ Договорыр фІэкІынІэ имыІэу щыІэн хуейщ. Дэ абы и лэжьыгъэм дяпэкІи фІыуэ дыхэтыну ди гугъэщ. Дауи, европейскэ Іуэхухэм зэрызахъуэжьым теухуауэ ари къэгъэщІэрэщІэжьыхьащ.

Политическэ системитІыр зэпэщІэту илъэс Іэджэкіэ зэрекІуэкІам нобэ пыщІэ хъунукъым. Абы ди къэралхэр ху

ЛИТЕРАТУРЭР, ЗЭМАНЫР, ДЭ

ДИ НОБЭМ И ДЫГЪУАСЭХЭР

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№ 76, 77-хэм нтщ).

ТхакІуэм дежкІэ мы зи гугъу тщІынум утепсэлъыхьын нэхъ дэыхьщІыгъуэджи сыт щыІэ, ауэ, и цІэ къыщитІуагъэххэкІэ, кърикІуэнум демыгупсысурэ, моуэ-шэ, мащІэу и гугъу тщІынщ а тхакІуэ псори дызыщыщтэу зыми щымыщтэж критикэм.

Ди литературэм и гъуэгуанэм урипльэкрэ тІэкІу уэзыщІэдэІукІмэ, нэхъыбэрэ зэхэпхэм ящыщщ критикэр нэхъ ткІийуэ, нэхъ мэхъадэу щытын хуейуэ къызэрыхурадзэр. Ар зэкъым, тІэкІум, къыхураджэ зэпытщ. Къыхуезыдзэри хэт жыІэт? Дэращ. Тхэныр хьэл мыгъуэ зыхуэзэхуэхэм ящыщу «тхакІуэ» цІэр зезыхьэхэрщ. КІуэаракъэ, «фІыуэ дытхэну фыхуейкъым, нэхъыбэрэ дывуб, фи убалъэм дивмых» жытІэ хуэдэщ. Ауэ, зыдгъэумысыжи, дэ зы цІыхуи къытхэту къыщІэкІынкъым, уаубын дэнэ къэна, апхуэдэ игу къыпхуэкІыным щІэхъуэпс. Дэ псори дыцІыхущ, «Къысщытхъу, нэхърэ. саубмэ нэхъ къызощтэ» жызыІэ щыІэмэ, абы нэхъ фэрыщІ дунейм тету къыщІэкІынкъым. Япэрауэ, шэч ин къытепхъэ хъунущ, критикэр хуей зэкъуэмэ, тхакІуэр нэхъыфІу е нэхъыфІыжу хузгъэтхэным. Зы тхакІуи щыІэу къыщІэкІынкъым, щытхэкІэ, и талантым къаруушэруэри иІэр къыпкърызымых. Зы критики къэхъуауэ къыщІэкІынкъым талант зимыІэм апхуэдэ езытаи, зритагъэххэм а иІэр нэхъ ин хуэзыщІыфаи. Псоми тщІэр а тлъэкІырщ е а тлъэкІ тІэкІурщ. Зыгуэр тхунэмыгъэсмэ, тхунэмыщІысмэ, ар ди къару къимыхьынкъым нэхъокІ, ахъумэ тхакІуэ инышхуэ дыхъуну дыхуэмейуэ, хьэмэрэ дызэзыгъэзыхьын критик дымыгъуэту аракъым. Ар тщІэж пэтми, дэ зэпымычу критикэр къыхудощэ, моуэ-щэ, «баргъэсыргъэ» жиІэу къытхуэгъэ тхуикІыкІ зэпыту къытхэтыну. Дыщіохъуэпс зыгуэркІи емпэуауэ, зыгуэркІэр хакухьауэ, адрейкІэр зыхакухьам къыхамыхыжауэ тлъагъуну. Тлъагъуну, ауэ дэ еэлым ваири къытлъэмыІэсыну. Аракъэ гъэщІэгъуэныр: псори критикэм «дыхуейщ, дыщІобэг, ауэ щІыкІэ и щІыІэ теухуауэ жыпІэмэ, уи щхьэси щхьэ нэхърэ... жыхуаІэм хуэдэщи, уэри, сэри, мори, ари... кІэщІракъэ — зыри дыхуенижкъым.

«Апхуэдэу дыкъызэхэнащи» е «апхуэдэу дыкъызэхэнащи» жытІэмэ, гуэныхьым нэмыщІ нэгъуэщІ зыгуэркІэри къэтхьынкІэ мэхъу, ауэ зи гугъу тщІы хъуэпсапІэ щэхур адыгэ литературэм зэрыщыпсэум убзыщІын лъэпкъ хэлъкъым: щысхьырабгъуншэу адрейхэр зыгъэІущынрэ зыуцІынрэ къыдолъыхъуэ.

Щысхьырабгъу имыІэным къыхуедджэ щхьэкІэ, ди критикэр, тхьэм и щыкуркІэ «лъэмэ къызыщІихьэхэм» ящыщкъым. Ар нэхъыбэу мэдэхащІэ, Зыхуэфащэми йодэхащІэ. ТІэкІу къыщІэлъэІуамэ, е къыщІэмылъэІу щыкІэ зыхуащІэхэм ящыщмэ, игъащІэкІэ уэздэхащІэ мыхъунухэми толъэщІыхь. Дэхащіэм-дэхащІэурэ, а гушэкъу уэрадым дызыхима нэбзэнэушэ Іэфым десэжагъэххэу — баргъ! — уцимыгугъа дыдэм деж уащхъуэдэмыщхъуэу къыщыІэзэпхоукІри, а нэхъ пыудыгъуафІэ дыдэр литературэм и хьэмэшыпхэхэм къыщыщІрагъэдз. Хуэфащэу щытынкІи мэхъу абы литературэм и хьэмэшыпхэр. Хужаіауэ хъуам хэбдзыну зы псальэ уэмыгъыкІи мэхъу. ИтІани емыкІу хуэпщІ хъунукъым а хуэфащэпсу «хагъэщІар» къызэфІэувэжрэ, моуэ жиІэу ди литературэм къыхэгуоуэкІэ: «Ліо, сэ си закъуэт апхуэдэр, хьэмэрэ сэ хьежы сыкІауэ ара?...» «Уи закъуэкъым, ныбжьэгъу, сэ, мис, плъагъуркъэ, зыкІи уэ нэхърэ сынэхъыфІкъым» — жытІэу абы зыри дызэрыбгурыгурымыувэнур гурыІуэгъуэщ, ауэ, дыбзыщІми, дощІэ «тегущхуэгъуафІэ пщІы хъуи-мыхъуи принципым тету ар езым ещхьи нэхъыкІэжи зыхэт гупым къызэрытхахар. Абы ещхь адрейхэмрэ нэхъыкІэжхэмрэ критикэми хъарзынэу елъагъу, я мыхъури, я хъуари хэт нэхърэ нэхъыфІу ещІэ. Ауэ ебзыщІ. Ебзыщі, пасэрей пщыкъуэхэм я цІэр пасэрей ныбжьэм зэрабзыщІу щытам ещхьу. Ебзыщі, сыту жыпІэмэ абы хъарзынэу хуэзэхгъэкІ удын зытеззгъэнури зытемызэгъэнури, узыхущІемыгъуэкІынури, ухущІезыгъэгъуэкІыфынури. Мис аращ, жиІэу хъуар пэжу щытми апхуэдэм деж критикэр, зэгомызэгъ къызэпхыукІ критикэр уигу щІынэмыссыр. Апхуэдэ критикэм ухуэнэмысыфІэ зэпытурэ укъыдемыкІуэкІмэ, къызэрыпхущытынури, къыщызыпхыукІынури къэщІэгъуейщ. Сыту жыпІэмэ, абы уи тхыгъэ и лъэгу щІэплъэн и пэ, уи пыІэ щыгур къызэпелъыхь. Мэл зыфІихьынур и пыІэ щыгумкІэ къещІэ. Ары-ІэщыгукІэ уи Іуэху мыщІагъуэмэ, апхуэдэ критикэм пхуэмыфащэу щІэнапекІэ уигъэІуэнри хэлъщ. УигъэІур Іуэхут, ищхьэкІэ зэрыщыжытіащи, тхыльеджэм зэгуэр укъыдахыжынкІэ гугъапІэ здэщымыІэ литературэм зэ щІэнапекІэ уІыгъэІуамэ, а пэнкъыжьэр упсэуху ятелъынкІэ мэхъу. Критикэр щІыщыІэр, дауи, «литературэкІэ» зэджэ унагъуэм творчествэ и лъэныкъуэкІэ щекІуэкІ Іуэхухэр убзыхунырщ, ахъумэ, бын зэхэгъэжьым, ещхьу, тхакІуэ зэхэгъэж ищІу, екъум еуэрэ ялъэфым телъэщІыхь зэпыту екІуэкІыу щытмэ, апхуэдэ критикэр литературэм хыхьэхэкІ щызэпІэ закъуэтІакъуэм яхуэщІакІуэ зехьэу аращи, абы ящымыщыр фІым щІыщыгугъын щыІэкъым.

Критикэм деж ди мащІэр ди Іэкіэ къыщытІыжауэ къэтлъытэнщи, сыт тщІэн, «докІуэдри — докІуэд» жыхуаІэм ещхьу, литературэм и зы нэгъуэщІ лъэныкъуэ гуэрми дытепсэлъыхьынщ. Зы нлъэс тІощІ хуэдэкІэ уззІэбэкІыжмэ, лъэпкъ интеллигенцэр нэхъ зытегушыпыхьхэм ящыщІ тхакІуэрэ усакІуэу куэдыІуэ кІэзэрыунэхур. Абы нэхъ гузэвэгъуэ ди лъэпкъыр тхьэм зэи химыгъахуэ — тхакІуэ куэд зэриІэм текІуэда лъэпкъ щыІэу дэ тщІэркъым. Ауэ, щІыр сыткІэ щхьэпэ, а гушыІэр щхьэусыгъуэ гьуэнщэ дыдэу къежьауи пхуэмыльэкъкІэ, литературэм и нэхъ хьэлъэхэр къызэрыхуэІэту, и нэхъ куухэр къыщІэзыгъэлъэфыр, пхашэ мыхъуу, хьихьахэрщ, драшей мыхъуу, езыр-езыру дэкІуейхэрщ. Апхуэдэхэрщ зыпэплъэри ди литературэр. Ауэ, гъэщІэгъуэнракъэ, тхакІуэ Іэщіагъэм нэхъ удэзгъэбеиуэрэ жыпІэмэ, филологием хуаІэ гукъыдэжыр иджыпсту хуабжьу тІысауэ къыщохъу, ди литературэми и нэр тозашэ и пщдейр зыІэщІилъхьэну щІэблэр къэхуэзышэну лъагъуэм. И щІэблэр тхакІуэ Іэщіагъэм нэхъ гущІыІэ хуэхъуакІэ гурыщхъуэ зыхуэзыщІыжар, дауи, адыгэм ди закъуэу къыщІэкІынкъым. Ар зэманым и Іэужьщ, дунейпсо литературэм и нэщэнэщ, а нэщэнэм и къежьапІэ нэхъыщхьэхэр лъэпкъ псом я дежкІэ зыуэ зэрыщытми шэч хэлъкъым. Апхуэдэ Іуэхугъуэшхуэхэр къызыхуэтІэщІынум и Іуэху дахэ ухъу, дэ ардыдэм зытхуэпщытынукъым, ауэ щІыхур тхакІуэ Іэщіагъэм щІэхъуэпсу зэрыщытамрэ а хъуэпсапІэм и Іуасэр хэпщІыкІыу зэрехуэхамрэ я щхьэусыгъуэ кІэрыдзэн зыкъом щыІэу къыщІэкІынущи, сыхуейт ахэм ящыщу къызщыхъу гуэрым сытепсэлъыхьыну.

Зэрыжытіащи, тхакІуэр зыхуэтхэр щІыхурщ. А зыхуатхам лъэІэсыну щІэмыхъуэпс тхыгъэрэ ардыдэм хуэмыпІащІэ тхакІуэрэ щыІэуи къыщІэкІынукъым. Зиумыкыж зимыумысыжми, тхакІуэр сытым деж къытреч абы Іущіэну, и Іэужьыр бгъэдилъхьэну, къызэрыщыхъуар зэхихыну. Ауэ, шыІэ нэхъ зыхэмылъхэм ящыщ щхьэкІэ, тхакІуэм, щІыху дэтхэнэми хуэдэу, иІэщ хуэсакъыпэурэ зэрихьэн, ихъумэя хуей гуэр. Ар — тхакІуэм и пщІэрщ... ПщІэр — ар езыр щІыхубэ дахэ лъапэлыпсэм хуэдэщи, и пэр зэблэк зэпытщ, утеплъэкъукІакъэ — пкІэщІэкІуэсыкІыныр хьэуэ илъагъунукъым. А псор щІыкъутІэращи, куэдрэ къохъу тхакІуэр, псом хуэмыдэжу, усакІуэр, и мычэзууэ утыку щихьэ, къыхуэмыпабгъэ щІыхуэзр зыщыщІигъэдэІу, зыхэмыхьапхъэ зэІущІэ щыхьэ, кІуэ аракъэ, артист къаленыр пІэу къыщрашэкІ. Э артистыныр Іэщіагъэ дахэщи, ар зи Іэщіагъэм утыку хуокІуэаракъэ, артист къаленыр игъэзэщІэну тхакІуэм къыщыхудэкІым деж, и пщІэр утыку кърикІуэ къыхохуэ. Апхуэдэ къыпщыщІыныр зэлъытар а узэдэжэ уи тхыгъэм и закъуэкъым. Абы лажьи-хъати имыІэнкІэ мэхъу. Ауэ имыкурэ-имыбгыу жаІэ дэтхэнэми къыпэплъэр аращ, игу зэІухауэ къыпхущымыт публикэм нэхъыфІкІэ ущыгугъи хъунукъым. Нэжщ, литературэр псоми я зэхуэдэ хъугъуэфІыгъуэщ, публикэ хэпльхь щІэтщІыни зыгуэркІэм дащІепэгэкІыни дэ тхъуэлъхъым, ауэ узэхуэмейуэ ущызэхуэзэм деж, а Іуэхум лъэныкъуитІри егъэпуд, нэхъыкІэжыращи, а зэІущІэр зытеухуэжа литературэр телъыджэ гуэру зэрыщытым шэч къатрегъэхьэ.

ІУТЫЖ Борис.

(КъыдэлъыкІуэпщІ).

ГЪАЩІЭР ЗЫГЪЭДЭХЭНУР

Шэджэм Езанэ поселкэм и 1-нэ курыт еджапІэм и еджакІуэхэм краеведеныкІэ къызэрагъэпэща кружокым къихутэжащ революцэм иужь лъэхъэнэм япэ егъэджакІуэу къуажэм иІахэм я щІэхэр. Абыхэм ящыщщ Забродский Тимофей Иосифович. Абы ди жылэм щищІа лэжьыгъэфІхэр нобэ гум къэдгъэкІыжын хуей щІэхъуар щхьэусыгъуэншэкъым.

Забродский Т. пенсием кІуа нужь Полтавскэ областым игъэзэжащ.

Тимофей Иосифович фІы куэд щиланжащ ди республикэм, ди къуажэ. Ди еджапІэм и щІыкІэхэм пыщІэныгъэ къахуиІэу абы къахуитхыжащ Шэджэм Езанэ жылагъуэр щІэныгъэм и гъуэгум теувэным пыщІауэ щыта Іуэхугъуэ куэд.

Забродский Т. И. граждан зауэр иухэ иужь дэ плъыжьым кыхэкІыжащ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм, Шэджэм Езанэм егъэджакІуэу къагъэкІуэ. Зэи тхылъ къэзымыщта шэджэмдэсхэр а Іуэхугъуэм ешэлІэныр, дауи, тынштэкъым.

«1921 гъэм сентябрым си щхьэгъусэри сщІыгъуу егъэджакІуэу Шэджэм сыкъагъэкІуащ. Япэу къуажэ Советым секІуэлІащ, — игу кьегъэкІыж Забродский Т. И. — Нэху дыкъыщекІыпапщІэ дэ дашащ Къундет Къэрэшей и хьэщІэщу щытам. Пщэдджыжьым къуажэ Советым сыкІуащ. Зытетысхьэни ямыІэу лІыжь гуп, хэти хьэмбыІуу щысу, хэти зэфІэту абы сащрихьэлІащ. Абыхэм къуажэ Советым и секретарыр унафэм ’къахуеджэрт, ар адыгэбзэкІэ яжриІэжырт. ЛІыжьхэм зыжьэу яукъуэдиящ:

«Шэджэмдэсхэр нобэ дыкъулейсызщ, гъавэ хьэдэ диІэкъым, ди сабийхэр лъапщІэщ, еджапІи егъэджакІуи ди Іуэхукъым икІи дыхуейкъым».

Іуэхур апхуэдэу къыщыщІэкІым, Тимофей Иосифович а махуэ дыдэм партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым макІуэри, Іуэхур зылъытыр Къалмыкъ Бетlал хуеІуатэ.

Къыздикlа щІыпІэкІэ Къалмыкъым ар зригъэщІыхуащ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм, Шэджэм Езанэм егъэджакІуэу къагъэкІуэ. Зэи тхылъ къэзымыщта шэджэмдэсхэр а Іуэхугъуэм ешэлІэныр, дауи, тынштэкъым.

«1921 гъэм сентябрым си щхьэгъусэри сщІыгъуу егъэджакІуэу Шэджэм сыкъагъэкІуащ. Япэу къуажэ Советым секІуэлІащ, — игу кьегъэкІыж Забродский Т. И. — Нэху дыкъыщекІыпапщІэ дэ дашащ Къундет Къэрэшей и хьэщІэщу щытам. Пщэдджыжьым къуажэ Советым сыкІуащ. Зытетысхьэни ямыІэу лІыжь гуп, хэти хьэмбыІуу щысу, хэти зэфІэту абы сащрихьэлІащ. Абыхэм къуажэ Советым и секретарыр унафэм ’къахуеджэрт, ар адыгэбзэкІэ яжриІэжырт. ЛІыжьхэм зыжьэу яукъуэдиящ:

«Шэджэмдэсхэр нобэ дыкъулейсызщ, гъавэ хьэдэ диІэкъым, ди сабийхэр лъапщІэщ, еджапІи егъэджакІуи ди Іуэхукъым икІи дыхуейкъым».

Іуэхур апхуэдэу къыщыщІэкІым, Тимофей Иосифович а махуэ дыдэм партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым макІуэри, Іуэхур зылъытыр Къалмыкъ Бетlал хуеІуатэ.

Къыздикlа щІыпІэкІэ Къалмыкъым ар зригъэщІыхуащ. Икlи къыхуэгуапэу къыжриІащ: «ПлъагъурэІ, мыдрисэр мэлажьэ, екІуалІэ сабийхэри лъапщІэкъым. ЕджапІэщІэм щхьэкІэ унэ къахуэгъуэтыркъым. Умыгузавэ, лэжьэнщ еджапІэщІэр...» — къедэхащІэри тхылъ къритащ. Абы итт къуажэ Советыр щылажьэ унэр еджапІэ ящІыну.

Арати, пэш закъуэм къыщІэхутащ партэхэр, щэнтэр. КърашэлІащ сабий зыбжанэ. Ахэр зэрырагъэджэн тхылъкІи ятхын тхылъымпІэкІи хуэщІатэкъым. Шэджэмдэсхэм хъыджэба цІыкІухэр еджапІэм ягъэкІуэн ядэртэкъым. Еджэн Іуэхур лъэхъэным хущІэкъуэхэр щыІэт.

«Еджапіэм къагъэкІуэну хуейкъым. Мы си Іуэхум къикІын щыІэу къыщІэкІынкъым, абыхэм сыздегупсысым, си деж къыщІыхьащ щІалэщІищ, — игу къегъэкІыж Тимофей Иосифович. — Дэ комсомолым дыхэтщ, дедэжну, дэІэпыкъуэгъу дыхуэхъуну дыхуейщ».

Ахэр хэт сымэт? Абыхэм я нэхъыжьт комсомол ячейкэ къуажэм къызэрагъэпэщам и япэ секретарь Чып Мыгъуэт.

Забродский Т. И. и гуапэу жеІэж а зэманым парт ячейкэм и унафэщІу щыта Вэрокъуэ П!. теухуауи.

— Ар еджауэ щІэныгъэ зиІэу щымытами, икъукІэ цІыху акъылыфІэт, зэхъуэкІыныгъэр нэгъэсауэ къызыгурыІуэт, ғъащІэщІэм гурэ псэкІэ хуэлажьэ цІыхут, — жеІэж абы Вэрокъуэм теухауэ.

Арати, хуэм-хуэмурэ еджапІэр хъуащ жылэм я зэхуэсыпІэ. Абы щекІуэкІырт зэІущІэхэр, ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэрым и обкомым и инструкторхэр, пропагандистхэр, агитаторхэр абы къакІуэрт, зэхъуэкІыныгъэм, гъащІэщІэ яухуэм теухауэ беседэхэр ирагъэкІуэкІырт, газетхэм, журналхэм къахуеджэрт. Апхуэдэ пщыхьэщхьэхэм цІыхухэм я нэгу зыщиужьырт. Зэпеуэрт къэфэнкІэ, бэнэкІэ, нэгъуэщІхэмкІи. А псоми мыхьэнэшхуэ яІэт цІыхур зэхэщэнымкІэ, культурэр къэІэтынымкІэ, еджэн Іуэхум дегъэхьэхьынымкІэ.

Тимофей Иосифович егъэджакІуэ къудейтэкъым, атІэ ар икІи пропагандист Іэкіуэлъакіуэт. Псэукіэщіэр гурыхь зыщымыхъуэм, псом хуэмыдэж диным и лажьэкІуэхэм ар куэдрэ яІущІэи хуей хъурт. Абыхэм дунеищІэр, псэукІэщІэ къэхуар зищІысыр тэмэму къагурыІуэным теухуауэ псалъэмакъ ядригъэкІуэкІырт. ЦІыхухэм къахэкІырт абы жиІэхэр къыхуэзымыгъэдахэр, уеблэмэ къэзыгъэшынэну хэтхэр. Апхуэдэу къелсэлъэгъащ Мулай зэкъуэшхуэ Абдул Хьатиф. Азиз сымэ.

Зи ныбжьыр хэкІуэта егъэджакІуэм зэритхыщи, ар ирогушхуэ нобэ щеджэмдэсхэм ягъуэта зыужьыныгъэм, гугъуехьыщхуэ абы пылъхэр и нэгу къыщІохьэж.

Куэд илэжьащ Забродский Т. И. ди республикэм гъащІэщІэр ухуа щыхъуным, ди цІыхухэр щІэныгъэм къыхуэгъэущыным хуэунэтІауэ. Абы лэжьыгъэшхуэ хуэзфІигъэкІащ Налшык къыщызІуахэ Ленинскэ еджапІэ кІалэ цІыкІум. Лэжьащ ар сабий зеиншэхэр зыхуей хуэгъэзэным теухуауэ унафэ Іэщіэлъэу, политическэ, техническэ щІэныгъэншагъэм къэбэрдей щІэблэр къишыным къаруушхуэ ирихьэлІащ.

Забродский Т. И. хуэдэхэм я фІыщІэщ революцэм и ужькІэ лъэпкъ 40-м щІигъум я тхыгъэ яІэ зэрыхъуар. Абыхэм яхэтщ ди Къэбэрдей-Балъкъэрри. Революцэм и пэкІэ дэ диІар зы дохутырщ, зы сымаджэщщ, тхэфу, еджэфу адыгэуи балъкъэруи щыІар мащІэ дыдэщ. Иджы ди къуажэ къудейр къапщтэмэ, абы дэт училищэм, и еджапІэхэм егъэджакІуэу 300-м нэс щолажьэ, культурэм и ІуэхущапІэхэр иІэщ нэгъуэщІ игъуэта зыужьыныгъэхэри куэд мэхъу.

Нэхъыщхьэу **сэ** жысІэну сызыхуейр мыращ. Зыужьащ ди къуажэм, зыужьащ ди республикэм. Ауэ ар ди адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я зэкъуэ фІыщІэкъым. Забродский Т. И. и щапхъэмкІэ, зэрыжысІащи, дэІэпыкъуэгъу къытхуэхъуащ нэгъуэщІ лъэпкъхэми къахэкІа щІэныгъэлІхэр, цІыху хьэлэлхэр. Апхуэдэ зэкъуэтыныгъэр, зэдэІэпыкъуныгъэр адыгэ щІэныгъэншагъэм дыкъыхэзышар, ди культурэм зезыгъэузыхар.

Нобэ урохьэлІэ лъэпкъхэр зэныкъуэкъуу. Абы фІы къишэныкъым. Бжьэ зыдэсращ фо зыдищІэр, Лъэпкъ-лъэпкъыпэ зипкъухьыныр тэмэмкъым. Уэзкъуэтмэщ уи Іуэхур щыдэкІынур, псэукІэр щыхуегъэфІэкІуэнур. Арац нобэ къэралым щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэм укъызыхуригъэджари, щІыхуищІыри.

МЭКЪУАУЭ Башир.

Редакторыр МЭЗЫХЬЭ Борисщ.

Мы махуэхэм выставкэ гъэщІэгъуэн щокІуэкІ ди къалащхьэм. «Германи Демократическэ Республикэм щащІ хущхъуэхэр» информационнэ выставкэр къыщызэІуахащ. Налшык къалэм «Узышагъэмкіэ и цеитрым». Ар къызэрагъэпэщащ «ГЕРМЕД» фармацевтикэмкІэ комбинатымрэ «Гермед — экспорт — импорт» сату предприятиямрэ зегъэушъуэу. «ГЕРМЕД» комбинатым апхуэдэ выставкэу ди къэралым иІэр къыщІэкІынкъым. Налшык щекІуэкІыр зэрищІэ-

ЩЭБЭТЫМ ТХЬЭМАХУЭМ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм

ЩІЭБЭТЫМ. Сабийхэмэ залыгъхэмэ лапщІэ видеопрограммэхэр — Ухуакіуэ-

унэм. Сыхьэт 16-м. «Любимый Раджа» художественнэ фильмыр (Индие) «Чайка» курортым

Апрелым и 21

Япэ программэ. 6.30 — «Дакъикъи 120-рэ». 8.35 — ди жыг хэдэр. 9.05 — гущІэгъуэ и тхьэмахуэ. 9.35 — Къазахъстаным фильм-спектакль. 11.00 — Прогресс. Информацэ. Реклама. 11.30 — концерт. 11.40 — псоми папщІэ педагогикэ. 12.40 — гущІэгъуэ и тхьэмахуэ. СССР-мрэ США-мрэ зэпызыщІэ телевизионнэ пъэмыж. 13.25 — коллаж (реклама, информацэ, хъыбэрегъэщІэ). 13.30 — киноконцерт. 14.30 — «Советская Россия видеоканал. 21.30 — «Весерь» фильм-спектакль. 23.30 — Уэрэд-музыкальнэ минипрограмэ. Хуабэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм

ЩЭБЭТЫМ. Сабийхэмэ балигъхэмэ папщIэ видеопрограммэхэр — УхуакIуэхэм культурэмкIэ я унэм кино щагъэлъагъуэ и пэшым. Сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ сыхьэт 22-м нэс.

«Бын умыгъуэтыныр къызыхэкIыр, а узыфэм уэрэIэзэнур». Тхылъ выставкэм теухуа зэIущIэ — «Налшык» курортым КультурэмкIэ и унэм. Сыхьэт 14-м.

«Московские новости» газетым тет тхыгъэхэм щытепсэлъыхь зэIущIэ — «Налшык» курортым КультурэмкIэ и унэм и пэш цIыкIум. Сыхьэт 19-м.

Къафэхэмрэ уэрэдхэмрэ «Банг-Кок» эстраднэ коллективым и концерт — «Налшык» курортым КультурэмкIэ и унэм и пэш иным. Сыхьэт 19-м.

«Ди гъусэу фыкъафэ». Зызыгъэпсэхухэм папщIэ къызэрагъэпэща щыхьэщхьэ — «Налшык» курортым КультурэмкIэ и унэм. Сыхьэт 20-м.

ТХЬЭМАХУЭМ. «Сыт дэ ди сабийхэм теухуауэ тщIэр?». Хэбзэ хъуауэ адэкIэ папщIэ тхьэмахуэ кIэуэкI зэIущIэхэр — УхуакIуэхэм культурэмкIэ я унэм и хьэщIэщым. Сыхьэти 10-м.

«Сабийхэми балигъхэми папщIэ видеопрограммэхэр — УхуакIуэхэм культурэмкIэ я унэм кино щагъэлъагъуэ и пэшым. Сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ сыхьэт 15-м нэс.

ДжэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр, кинор фIыуэ зылъагъуэхэм я «Затейник» клубым екIуалIэ ныбжьыщIэхэм папщIэ «Чудак из 5-го «В» художественнэ фильмыр — УхуакIуэхэм культурэмкIэ я унэм кино щагъэлъагъуэ и пэшым. Сыхьэт 15-м.

«ФIыуэ тлъагъу уэрэджыIакIуэм и макъ». Высоцкий В. теухуа музыкальнэ пщыхьэщхьэ — «Налшык» курортым культурэмкIэ и унэм. Сыхьэт 16-м.

«Любимый Раджа» художественнэ фильмыр (Индие) — «Налшык» курортым КультурэмкIэ и унэм. Сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 30-м, сыхьэт 20-м.

СПОРТ. СПОРТ. СПОРТ.

ЩЭБЭТЫМ. Къэбэрдей-Балъкъэрым стIолыщхьэ теннисымкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным теухуа зэхьэзэхуэр къызэIуах — Пионерхэмрэ еджакIуэхэмрэ я республиканскэ унэм. Сыхьэти 10-м.

Профсоюзхэм я ВДФСО-м зи армэ кIуэгъуэхэмрэ зи ныбжь абы нэмыса ныбжьыщIэхэмрэ я деж щригъэкIуэкI спартакиадэ — «Спартак» республиканскэ стадионым. Сыхьэти 10-м.

Къэбэрдей - Балъкъэрым футболымкIэ и кубокыр къахьыным теухуа зэхьэзэхуэхэр: «Спартак» (Майскэ къ.) — «Кристалл» (Налшык къ.) — Майскэ къалэ стадионым. Сыхьэт 14-м; «АТП» (Нарткъалэ къ.) — «Нэжан» (Налшык къ.) — Нарткъалэ къалэ стадионым. Сыхьэт 14-м.

Налшык, Прохладнэ къалэхэм я спорт еджапIэхэм щIэс ныбжьыщIэхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэр — «Спартак» республиканскэ стадионым. Сыхьэти 9-м къыщыщIэдзауэ сыхьэт 14-м нэс.

Редакторыр МЭЗЫХЬЭ Борисщ.

«Гермедыр» ди хьэщIэщ

Мы махуэхэм выставкэ гъэщIэгъуэн щокIуэкI ди къалащхьэм. «Герман Демократическэ Республикэм щащI хущхъуэхэр» информационнэ выставкэр къыщызэIуахащ Налшык къалэм «УзыншагъэмкIэ и центрым». Ар къызэрагъэпэщащ «ГЕРМЕД» фармацевтикэмкIэ комбинатымрэ «Гермед—экспорт—импорт» сату предприятэмрэ зэгъусэу. «ГЕРМЕД» комбинатым апхуэдэ выставкэу ди къэралым 38-рэ къыщыщызэрагъэпэщащ, Налшык щекIуэкIыр 39-нэщ.

Нэмыщэ хьэщIэхэм я экспозицэм уегъэлъагъу ГДР-м фармацевтическэ промышленностыр жыкъэ зэрынэсар. «ГЕРМЕД»-м и предприятэ 14-м хущхъуэ зэмылIэужьыгъуэу минитIым щIигъу къыщIегъэкI. Налшык къаша хущхъуэхэр куэд дидэ мыхъуми, фIагъкIэ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа защIэщ. Ахэр къызэрагъэсэбэпкIэ гуэшауэ выставкэм щагъэлъагъуэ: гууэ, диабетым зэрелIэзэ, диагностическэ, психотропнэ хущхъуэхэр, антибиотикхэр, стеройднэ гормонхэр, ветеринар препаратхэр, нэгъуэщI куэдхэр.

Выставкэр къызэIуахын ипэкIэ «ГЕРМЕД—экспорт — импорт» предприятэм СССР-м щIэ и сату отделым и унафэщI Манфред Пауль пресс-конференц иригъэкIуэкIащ. Абы кърихьэлIащ медицинэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр, УзыншагъэмкIэ министерствэм, «Фармацие» объединенэм и лэжьакIуэхэр, журналистхэр.

— Ялэрауэ, — жиIащ абы, — нэмыщэ цIыхубэм, ди комбинатым щылажьэхэм къабгъэдэкIыу фIыщIэшхуэ фхузощI фи къалэм выставкэ къыщызэIутхыну хуит дызэрыфщIамкIэ. Дэ лъэныкъуитIми Iуэхуфэ къетхуэкIыу аращи, си гугъэщ ар дызэгурыIуэу дызэдэлажьэным сэбэп хуэхъуну.

Пресс-конференцым кърихьэлIа псори жыджэру псалъэмакъым, зэрыхэтар къыжыIэн хуейщ. Ар икIи гурыIуэгъуэщ. КъызэрыгуэкI хущхъуэхэр гъуэтыгъуэй къууэ зэрыхуежьам псори егъэпIейтей икIи ди нэмыцэ ныбжьэгъухэм «къапыкIынур къапыхын» зэрыхуейр псоми къагуроIуэ.

— Налшык къалэ выставкэ зэрыщекIуэкIым ди республикэм дежкIэ мыхьэнэ гуэр иIэну, хьэмэ иджыри къэс зэрыщытам хуэдэу централизованнэу фи деж кIэкI хущхъуэхэр ягуэшыну? — арат къекIуэлIахэр нэхъ зыгъэпIейтейр.

— Ди жагъуэ зэрыхъущи, дэ абы ди Iуэху хэлъкъым, — жеIэ М. Пауль, — дэ тхуэщIэнуращи, СССР-м зэгурыIуэныгъэ зэретщIыIа сом мелуани 130-рэ я уасэ хущхъуэхэм нэхъра нэхъыбэ тщэну Iэмал диIэщ. Фэрэ жыхуэсIэр Къэбэрдей-Балъкъэрыщ, дэрэ дызэгурыIуэмэ, фи деж занщIэу къытхуэгъэпэщыну. ЖысIэну сызыхуейращи, бартельнэ зэхущытыкIэхэр къэдгъэсэбэпыну Iэмал щыIэ си гугъэщ. Дызэгъусэу предприятэ гуэрхэр къызэдгъэпэщыными, щIэныгъэ лэжьыгъэ зэдедгъэкIуэкIыными фэрэ дэрэ дызэрызэрыцIыхуам кърикIуэнущ. Сыт хуэдэ Iуэхури егупсысауэ вдэтIыгъыну дыхьэзырщ.

Нэхъ нужьыIуэкIэ, ягъэлъагъуэ хущхъуэхэм выставкэм къекIуэлIахэр нэхъ щигъэгъуэзащ ГДР-м и дохутырхэм я чэнджэщэгъу Вардин Клаус. Ар нэхъ тригъэчыныхьу тепсэлъыхьащ Боннекор гууэ хущхъуэм — СССР-мрэ ГДР-мрэ зэгъусэу къагупсыса препаратым. Ветеринар препаратхэми щхьэхуэу тепсэлъыхьащ щIэныгъэхэм я доктор Шлистезер Хельмут. Абы ветеринарнэ академиер Москва къыщиухауэ къыщIэкIащ — зэдзэкIакIуэ хуэмыныкъуэу урысыбзэм хуэшэрыуэт.

ГДР-м къикIа хьэщIэхэм мыбы зэрыщыIэну зэманым щыщу зы дакъикъи пщIэншэу ягъэкIуэдынукъым жыпIэмэ, егъэлеиныгъэ хэлъкъым. Абыхэм къапэщылъщ доклад зэмылIэужьыгъуэхэр щащIыну зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр. Езыхэми зэрыжаIащи, куэд щIауэ зыщIэхъуэпс ди щIыпIэ телъыджэхэри зрагъэлъагъунущ.

Псалъэ зытIущ щIызгъуэжыщи, икъукIэ зи чэзу хьэщIэщ ахэр, щхьэуз хущхъуэ дыдэ ди аптекэхэм щомыгъуэтыж зэманым ахэр дэIэпыкъуэгъу дымыщIыфмэ, нужькIэ щхьэусыгъуэ нэпщIэр къэтлъыхъуэжын хуей хъунщ.

ЖЫГУН Азмэ.

СУРЭТХЭМ: Манфред Пауль (ижьрабгъумкIэ етIуанэр) выставкэм къекIуэлIахэм я упщIэхэм жэуап ирет; ягъэлъагъуэ хущхъуэхэр псоми гунэс ящохъу.

СОМ МЕЛУАНРЭ НЫКЪУЭРЭ

Хухахащ Гирхожан къуршыпс ежэхым и Iуфэхэр гъэбыдэным. Абы тырнызуздэсхэм япэм гуэвэгъуэ куэд къахуихьу щытащ. Иджы ипхуэдэу щытыжынукъым. Абы и Iуфэхэм гъущI-бетон пкъыгъуэу мин 16-рэ 500-рэ щызэпкъралъхьэн хуейуэ ухуакIуэхэм къапэщытщ.

Иджыпсту лэжьыгъэхэр и гуащIэгъуэу йокIуэкI. «Тырныауэстрой» трестым и етIуанэ управленэм и ухуакIуэхэм къахуэнэжар ящIэнум и Iыхьэ плIанэрщ икIи мыхьэнэшхуэ зиIэ а объектыр мы гъэм и кIэм ирихьэлIэу ятынущ. Абы къалэр псыдэм щихъумэнущ, псым и гъунэгъуу унэ щащIыныкIэ Iэмал къитынущ.

«ЭЛЬБРУС- 90» ЗЭХЬЭЗЭХУЭР

В. И. Лениныр къызэралъхурэ илъэси 120-рэ, советскэ народыр гитлеровскэ Германием зэрытекIуэрэ илъэс 45-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ ди республикэм «Эльбрус-90» Союзпсо авторалли щекIуэкIынущ.

Апрелым и 21-м сыхьэти 9-рэ дакъикъэ 30-м Налшык щыIэ «Спартак» стадионым деж зэхьэзэхуэ иныр щежьэнущ. МахуищкIэ екIуэкIыну а зэпеуэныгъэм хэтынущ Российскэ Федерацэм, Украинэм, Грузием, Азербэйджаным, Молдавием я спортсмен лъэщ дыдэхэр. Я зэфIэкI абы къыщагъэлъагъуэнущ Одессэ, Кишинев, Харьков, Тбилиси, Тольятти, Баку, Ставрополь, Налшык, къэралым и нэгъуэщI къалэхэм я лIыкIуэхэм. Километр 415-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэм зыщикъуэдынущ республикэм и бгылъэ щIыпIэхэм.

ТВ

Апрелым и 21

Я1э программэ. 6.30 — «Дакъикъи 120-рэ». 8.35 — ди жыг хадэр. 9.05 — гущIэгъум и тхьэмахуэ. 9.35 — Къазахстаным и музыкальнэ фольклор. 10.00 — документальнэ фильм. 10.45—концерт цIыкIу. 11.00 — Россием и суверенитет. ЕтIуанэ къэтыгъуэ. 12.00—концерт. 12.20 — «Псэущхьэхэм я дунейм». 13.20 — «Лэжьэгъуэхэр». 13.50 — «Александр Пархоменков. Художественнэ фильм. 15.15 — «Спектр». 15.45 — музыкальнэ программэ. 16.35 — политикэм теухуа псалъэмакъ. 17.25 — «Лэгъупыкъуэ». 18.00—Международнэ панорамэ. 18.45 — мультфильмхэр. 19.05 — гущIэгъум и тхьэмахуэ. 19.15—концерт. 21.00 — Зэман. ХьыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ. 21.30 — «Телескоп». 21.50—«Iуэху гуфIэгъуэ». 23.00—«Телепортрет». 23.30—цIэрыIуэ хъуа музыкэхэр. Программэ «А». 01.00 — хьыбарыщIэхэмкIэ телевизионнэ службэ.

ЕтIуанэ программэ. 8.00 — пщэдджыжь гимнастикэ. 8.20 — службэ — 01-р — экраным». 8.50 — концерт. 9.25—«Две главы из семейной хроники». Художественнэ фильм. 11.00 — Прогресс. Информацэ. Рекламэ. 11.30 — концерт. 11.40 — псоми папщIэ педагогикэ. 12.40 — гущIэгъум и тхьэмахуэ. СССР-мрэ США-мрэ зэпызыщIэ телевизионнэ лъэмыж. 13.25 — коллаж (рекламэ, информацэ, хъыбарегъащIэ). 13.30 — киноконцерт. 14.30 — «Советская Россия» видеоканал. 21.30 — «Весер», фильм-спектакль. 23.30 — «Кто же миллиардер?». Художественнэ фильм. 00.35 — «Петра». Художественнэ фильм.

ЩIыпIэ программэ. 17.00 — «Сабийхэмрэ музыкэмрэ». Налшык къалэ дэт музыкальнэ школ № 3-м кIратыкI (адыгэбзэкIэ). 17.25 — сабийхэм папщIэ мультфильм. 17.35 — хъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ). 17.50 — фильм-реклама. 17.55 — «Элькор» и нобэрей махуэ». 18.25 — щIэныгъэ-популярнэ фильм. 18.35—«Жэшлыкъэ. ЩIалэгъуалэм папщIэ программэ (балъкъэрыбзэкIэ). 19.15 —. «Бородино». ЩIэныгъэ-популярнэ фильм. 19.25 — «Псалъэхэм ящIэдэIу». Кулиев Къ. 19.55 — сабийхэм папщIэ щыхьэщхьэ тауры-хь. 20.05 — РСФСР-м и Щыхубэ депутатхэм я кандидатхэм ятеухуауэ. 20.55 — документальнэ фильм. 21.05—хъыбарыщIэхэр. 21.15 — «Евгений Матвеевым дыIуощIэ». ЩIэныгъэ-популярнэ фильм. 21.25 — Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм тхьэмахуэ къакIуэ къытынухэм фелъ.

ДИ ХЭЩIАПIЭР: 360000, Налшык къалэ, Ленинымрэ щIэкIэ щыIэ урам, 5, епщIанэ нэкIэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редакторым — 2-21-64
приемнэм — 2-22-89
редакторым и заместителхэм — 2-22-84, 2-21-86
ответственнэ секретарым — 2-22-82
секретарнатым — 2-26-41, 2-85-49

ОТДЕЛХЭР:
парт лэжьыгъэмкIэ — 2-22-66, 7-32-15
идеологиемкIэ — 2-60-53, 2-21-88
экономикэмкIэ — 2-57-59, 7-22-63
социальнэ IуэхухэмкIэ — 2-22-86, 7-31-54
культурэмкIэ — 2-22-83, 7-31-69
хъыбарыщIахэмкIэ — 7-31-57
письмохэмкIэ — 2-68-31
жэщ редакцэм — 2-63-64
корректорхэм — 2-60-27
газет цехым — 2-35-60

КПСС-ы и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и издательствэ

ч 00603 Заказ № 3429